

# Poukisa Hamaspik Choice? *Se Pa You Kesyon Se You Solisyon*

## Espesyalis Enskripsyon Nou yo

Ak plizyè deseni eksperyans nan domèn sante, espesyalis enskripsyon Hamaspik Choice yo se ak premye moun w ap pale lè w rele.

Yo pral evalye enfòmasyon sou enskripsyon w lan, travay nan fason ki rapwoche ak administratè swen enfimye nou yo detèmine kalifikasyon w pou plan an epi asire yo ke pa genyen ankenn kesyon ki rete san repons.

## Administratè Swen Enfimye Nou Yo

Administratè swen enfimye espesyalize nan Hamaspik Choice nou yo responsab pou kowòdinasyon nèt ale pou plan swen w lan. Yo pral analize ak anpil prekasyon estati medikal ou, kreye yon plan pwoteksyon ki genyen tout bagay ladann, kominike dirèktenab aj doktè w epi kowòdone ak anpil



presizyon bezwen sante w chak jou pou asire ke w resevwa yon eksperyans sante premye klas.

## Rezo Founisè Nou yo

Hamaspik Choice fyè pou li prezante yon rezo founisè ki byen kanpe epi ki genyen ladann anpil pwofesyonèl medikal, espesyalis rejyonal, founisè sèvis ak sant swen sante.


Tanpri ale sou sitwèb nou an pou w verifye ke founisè w yo nan rezo nou an nan: [www.hamaspikchoice.org](http://www.hamaspikchoice.org)

## Manb Satisfè Nou Yo

Objektif prensipal Hamaspik Choice se atenn yon nivo evalyasyon pasyan ki wo anpil. Gras ak pwofesyonèl ki genyen plizyè ane eksperyans nan sante, kapasite pou bay satisfaksyon manb ki nan yon lòt nivo ak yon nivo konsekrasyon pou soutni repitasyon lejandè Hamaspik la, Hamaspik Choice la pou amelyore sante w, kalite lavi w... Ak avni w.

## Rejyon Sèvis yo

*Sèvis lokalize yo,  
Rezilta Klas-Mondyal.*



**HAMASPIK CHOICE**

The MLTCP That Puts You First



**HAMASPIK CHOICE**

The MLTCP That Puts You First

### BIWO ADMINISTRATIF


58 ROUTE 59, SUITE 1 MONSEY, NY 10952

**855.552.4642**

TTY: 855.854.4030

[WWW.HAMASPIKCHOICE.ORG](http://WWW.HAMASPIKCHOICE.ORG)

[INFO@HAMASPIKCHOICE.ORG](mailto:INFO@HAMASPIKCHOICE.ORG)







## Konsènan Hamaspik Choice

*Viv Lavi Pi Byen Tout Bagay Kmanse La a.*

Hamaspik Choice se yon plan swen administre sou lontèm (MLTCP) ki gen kontra ak Eta Nouyòk pou bay manb ki kalifye yo yon pòtfolyo konplè pwodui ak sèvis ki anrapò ak sante.

Li fèt espesyalman pou moun ki kalifye pou Medicaid ki bezwen plis pase 120 jou sèvis swen lontèm ki baze sou kominote epi k ap viv nan Rockland, Orange, Sullivan, Putnam, Dutchess ak Konte Ulster. Pwofesyonèl Hamaspik Choice yo fyè anpil plizyè ane eksperyans yo genyen nan mond reyèl sante epi ap fè gwo efò pou satisfè bezwen manb yo ansanm ak fanmi yo.

Yo te konstwi li sou platfòm Hamaspik la - ajans lejandè a genyen plis pase yon ka syèk eksperyans - Hamaspik Choice te anbrase platfòm MLTCP a epi mete aksan sou bay manb yo pi gwo nivo medikal pwofesyonèl, sansiblite kiltirèl ak swen pèsonalize.

## Sèvis Manb yo

*Paske W Merite Sa Ki Pi Bon An*

Swen Lajounen Pou Granmoun

- Odyoloji
- Sèvis Asistans Pèsonèl Ke Konsomatè a Dirije
- Medsin Dantè
- Ekipman Medikal Dirab
- Livrezon Manje Adomisil
- Ed Sante Adomisil
- Sèvis Sosyal Medikal
- Materyèl Medikal
- Transpò ki Pa-ljan
- Swen Enfimye Adomisil
- Konsiltasyon Nitrisyon ak Byennèt
- Terapi Okipasyonèl
- Optometri
- Ed Swen Pèsonèl
- Sistèm Repons Ijans Pèsonèl
- Terapi Fizik
- Podoloji
- Sèvis Enfimye Prive
- Pwotèz ak Otèz
- Terapi Respiratwa
- Swen Enfimye Espesyalize
- Swen Sosyal Lajounen
- Sipò Sosyal ak Anviwònmanal Ki Genyen Ladann Modifikasyon Kay
- Patoloji Pawòl ak Langaj

## Kesyon yo Poze Souvan

*F Sa ki Konplike Vin Senp. Se Travay Nou.*

### Ki sa ki yon Plan Kontwole sou Lontèm Ye (MLTCP)?

Yon MLTCP - tankou Chwa Hamaspik - se yon plan sante swen sante sou lontèm ki baze sou kominote ki fèt pou sèvi granmoun ki bezwen asistans medikal sou lontèm.

### Poukisa Pou w Antre nan Hamaspik Choice?

Si ou elijib pou Medicaid epi w abite nan zòn sèvis nou yo, ou ka gen privilèj pou chwazi Hamaspik Choice pou sèvis swen lontèm; si ou kalifye pou Medicaid ak Medicare, epi gen obligasyon pou enskri nan yon MLTC, ou ka jwi privilèj pou rantre tou.

### Ki moun ki elijib Pou rantre nan Hamaspik Choice?

Moun ki abite nan Rockland, Orange, Sullivan, Putnam, Dutchess oswa Konte Ulster ki gen 18 an. Ou dwe kalifye pou Medicaid ak detèmine kalifye pou MLTC gras ak yon evalyasyon kalifikasyon; ou kapab retounen oswa rete lakay ou ak kominote a san danje pou sante w ak sekirite w. Ou dwe egzije omwen youn nan sèvis sa yo pou plis pase 120 jou: sèvis CBLTC; sèvis retrèt nan kay la; terapi nan kay la; sèvis asistans sante nan kay la; sèvis swen pèsonèl nan kay la; Swen sante laj pou granmoun; enfimye sèvis prive; oswa Asistans Pèsonèl ki Oryante sou Konsomatè a.

### Ki premye etap mwen? Mwen nouvo nan Medicaid.

Si oumenm oswa yon moun ou renmen nouvo pou Sèvis Swen Lontèm ki Baze sou Kominote (CBLTCS) nan Medicaid (CBLTCS) oswa ou pa resewva CBLTCS pandan plis pase 45 jou, ou dwe kontakte Maximus, ki se koutye enskripsyon Depatman Sante Piblik Eta New York laj. Y ap pwograme yon evalyasyon elijibilite inisyal avèk Sant Evalyasyon ak Sant Enskripsyon NYS San-Konfli (CFEEC) nan nimewo 1-855-222-8350 (TTY: 1-888-329-1546). Apre evalyasyon Maximus la ak verifikasyon kalifikasyon, tanpri rele Hamaspik Choice pou pwograme yon evalyasyon enskripsyon MLTCP.

